



Antanke pasyan Cleveland
Clinic nan Florida, ou gen
dwa ak responsablite



Dwa Pasyan yo.

Vi Prive Pèsonèl/Vizit

- Pou yo trete w avèk koutwazi ak respè.
- Pou fè respekte e apresye diyite pèsonèl ou.
- Pou enfòmasyon sou sante w ki ka idantifye w yo rete pwoteje e konfidansyèl.
- Pou pwofite konfidansyalite pèsonèl epi yon anviwònman ki an sekirite, pwòp epi fè nou konnen si w vle mete limit sou vizitè w oswa koutfil ou.
- Pou deside e bay konsantman konsènan kimoun ki ka vizite w (manm fanmi, zanmi, konjwen, patnè, sa gen ladan konjwen ak patnè menm sèks) epi pou retire oswa refize konsantman sa nenpòt ki lè.
- Pou deziyen yon moun k ap ba w sipò ki pral deziyen vizitè yo nan non w, si w pa kapab fè sa.
- Pou w akonpaye ak yon moun ou chwazi pou sipò nan zòn ki aksesib pou pasyan yo lè w ap resevwa tretman kòm pasyan entènè oswa pasyan ekstèn, oswa lè w ap konsilte founisè swen sante w, sof si lè yo fè sa, li ta mete an danje sekirite oswa sante w, pa lòt pasyan, oswa pa moun k ap bay swen yo nan etablisman an oswa a ofis doktea, oswa si etablisman an oswa founisè a pa kapab fè aranjman pou sa yon fason rezonab.

Sekirite

- Pou pa sibi okenn fòm abi oswa arasman.
- Pou jwenn aksè nan sèvis pwoteksyon ak defans.
- Pou konnen yo pral itilize kontrent sèlman lè sa nesèsè pou asire sekirite pou oumenm ak pou lòt moun.

Valè Kiltirèl ak Espirityèl

- Pou fè respekte valè, kwayans ak preferans kiltirèl, sikososyal, espirityèl ak pèsonèl ou.
- Pou gen aksè nan sèvis pastoral e lòt sèvis espirityèl.

Aksè nan Swen

- Pou resevwa swen san paspouki kèlkeswa laj, ras, koulè, orijin nasyonal, kilti, gwoup etnik, lang, sitiwayon sosyoekonomik, relijyon, andikap fizik oswa mantal, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon, oswa mòd peman w.
- Pou resevwa tretman pou nenpòt pwoblèm medikal dijans ki pral deteryore si yo pa bay tretman.
- Pou mande yon chanjman nan founisè swen oswa yon dezyèm opinyon.

Aksè nan Enfòmasyon

- Pou jwenn yon repons rapid e rezonab pou kesyon ak demann.
- Pou konnen règ ki kontwole swen w ak konduit ou.
- Pou konnen ke lopital Cleveland Clinic yo se lopital ansèyman epi kèk nan moun k ap ba w swen ou yo gendwa nan fòmasyon; pou mande moun k ap ba w swen yo si se nan fòmasyon yo ye.
- Pou konnen non ak tit pwofesyonèl moun k ap ba w swen yo.
- Pou konnen ki sèvis sipò ki disponib pou pasyan yo.
- Pou yo di w sa w dwe konnen sou pwoblèm sante w apre egzeyat nan lopital la oswa apre yon vizit nan ofis doktea.
- Pou w enfòm epi pou w patisipe nan desizyon ki afekte swen w yo, eta sante w, sèvis w oswa tretman w.
- Pou enfòmasyon konsènan dyagnostik ou, pwoblèm sante w e tretman w, plan swen w, pwonostik ou, epi pou w pran desizyon reflechi sou swen yo apre ou fin enfòm sou gwo risk, benefis e lòt chwa yo.
- Pou w enfòm sou rezilta negatif enprevi.
- Pou mande yon revizyon dosye medikal ou avèk moun k ap ba w swen yo pandan sejou w nan lopital la.
- Pou w resevwa, lè w mande sa, tout enfòmasyon ak konsèy ki nesesè sou resous finansyèl yo konnen ki disponib pou swen w yo.
- Si w kalifye pou Medicare, lè w mande sa epi anvan tretman, pou w konnen si founisè swen sante a oswa etablisman swen sante a aksepte tarif Medicare fikse yo.

- Pou resevwa yon estimasyon rezonab sou frè yo chaje pou swen medikal yo, lè w mande sa oswa anvan tretman.
- Pou resevwa yon kopi bòdwo detaye ki klè yon fason rezonab, ke ou kapab konprann, ak pou yo eksplike w frè yo, lè w mande sa.

Kominikasyon

- Pou resevwa enfòmasyon ou kapab konprann.
- Pou refize nenpòt swen, tretman ak sèvis, sòf si lalwa prevwa yon lòt jan.
- Pou w di “wi” oswa “non” pou tretman oswa pwosedi eksperimantal yo epi pou yo enfòme w lè yon doktè ap anvizaje pou w patisipe nan yon pwogram rechèch medikal. Tout rechèch medikal sibi yon pwosesis espesyal ke lalwa egzije ki egzamine pwoteksyon pasyan k ap patisipe nan rechèch, sa gen ladan vi prive. Nou pap enplike w nan okenn rechèch medikal san no pa swiv pwosesis espesyal sa a. Ou ka refize oswa sòti nenpòt ki lè san okenn konsekans pou swen w yo.
- Pou konnen rezon yo pou nenpòt chanjman ki pwopoze nan medsen tretan/estaf pwofesyonèl ki responsab swen w yo.
- Pou konnen rezon yo pou transfè w swa andedan oswa deyò lopital la.
- Pou kreye direktiv davans epi fè respekte yo.
- Pou deziyen yon lòt moun legalman pou pran desizyon pou ou si w ta vin pa kapab fè l, epi pou fè moun sa a apwouve oswa refize swen, tretman ak sèvis yo.
- Pou fè fanmi w oswa yon reprezantan patisipe nan desizyon sou swen, tretman ak sèvis yo, jan lalwa pèmèt sa.
- Pou yo enfòme, si w mande sa, fanmi w oswa yon reprezantan w chwazi epi pwòp doktè w, pou admisyon w nan lopital.
- Pou fè respekte volonte w konsènan don ògàn, lè w fè konnen volonte sa yo, annakò avèk lwa e règleman yo.



Gen entèprèt Lang Siy Ameriken
ki disponib.



Nou gen yon estaf konplè
entèprèt lang.



Eskane la a oswa vizite
clevelandclinic.org
pou plis enfòmasyon

*También disponible en Español.
Disponib tou an Kreyòl.*

Jesyon Doulè

- Pou fè evalye e jere doulè kòmsadwa.

Role Yo

- Pou mande yon lis konotilyon sou swen sante w, epi pou kapab jwenn aksè nan dosye medikal ou epi mande modifye l, jan lalwa pèmèt sa.
- Pou konnen relasyon(yo) lopital la genyen ak lòt moun oswa òganizasyon k ap patisipe nan founiti swen w yo.

Anrejistreman ak Fè Filme

- Pou bay konsantman anvan yo fè anrejistreman, Filme oswa lòt imaj ki ka itilize deyò.

Responsablite Pasyan yo:

Bay Enfòmasyon ki Aplikab

- Pou ban nou enfòmasyon konplè e egzak sou sante w, sa gen ladan ospitalizasyon anvan yo, istwa medikal ou, plent aktyèl yo e tout medikaman w ap pran yo.
- Pou enfòmè nou pou chanjman nan pwoblèm sante w oswa sentòm ou yo, sa gen ladan doulè.

Poze Kesyon ak Respekte Machaswiv yo

- Pou fè nou konnen si w pa konprann enfòmasyon nou ba w sou pwoblèm sante w oswa tretman w epi sa yo atann de ou.
- Pou fè tande vwa w. Kominike enkyetid ou yo bay nenpòt anplwaye san pèdi tan – sa gen ladan nenpòt manm ekip swen pasyan an, manadjè, administratè oswa medyatè (ombudsman).

Refize Tretman epi Aksepte konsekans yo

- Pou respekte machaswiv e konsèy nou yo, konprann ou dwe aksepte konsekans yo si w refize.

Eksplikasyon sou Frè Finansye yo

- Pou peye bòdwo w yo oswa fè aranjman pou reponn ak obligasyon finansye ou vin genyen akòz swen w yo ak tout rapidite ki posib.

Swiv Règ ak Règleman yo

- Pou swiv règ ak règleman nou yo.
- Pou respekte randevou w gen ki prevwa yo, oswa enfòmè nou si w pa kapab respekte yo.
- Pou kite efè pèsònèl ou lakay ou oswa fè manm fanmi w yo pote tout bagay ki gen anpil valè ak rad ou lakay ou pandan w entènè lopital.

Respè ak Konsiderasyon

- Pou w gen konsiderasyon epi pou w koperatif anvè lòt yo.
- Pou respekte dwa ak pwopriyete lòt moun.
- Pou montre respè ak koutwazi san diskriminasyon anvè moun ki op ba w swen yo.

Enkyetid, Plent oswa Dolemans

- Pou resevwa repons rapid yon fason rezonab pou demann ou pou sèvis ou.
- Pou patisipe nan rezoud pwoblèm ki enplike pwòp swen, tretman ak sèvis ou yo.
- Pou fè konnen enkyetid, plent ak/oswa yon dolemans, tanpri kontakte Biwo Medyate (Ombudsman Office) ou a.

Cleveland Clinic Weston Hospital

Rele nan 954.689.5545 oswa ekri nan 2950
Cleveland Clinic Boulevard, Weston, FL 33331

Cleveland Clinic Martin North Hospital

Rele nan 772.287.5200 oswa ekri nan 200 SE
Hospital Ave, Stuart, FL 34994

Cleveland Clinic Martin South Hospital

Rele nan 772.223.2300 oswa ekri nan 2100 SE
Salerno Rd, Stuart, FL 34997

Cleveland Clinic Tradition Hospital

Rele nan 772.345.8100 oswa ekri nan 10000
SW Innovation Way, Port St. Lucie, FL 34987

Cleveland Clinic Indian River Hospital

Rele nan 772.567.4311 oswa ekri nou nan 1000
36th Street, Vero Beach, FL 32960

Cleveland Clinic in Ohio

Rele nan 216.444.2544 oswa 800.223.2273
ekstansyon 42544 oswa ekri nou nan: Desk S18,
9500 Euclid Avenue, Cleveland, OH 44195

- Pou depoze yon dolemans, ou ka kontakte ajans ki pral site la yo:
- Liy enfòmasyon Biwo Kalite ak Sekirite Pasyon (Office of Quality and Patient Safety) Joint Commission. Rele nan 800.994.6610. Faks: 630.792.5636; Adrès postal: The Joint Commission, One Renaissance Boulevard, Oakbrook Terrace, IL 60181; Sit entènèt: <https://www.jointcommission.org/resources/patient-safety-topics/report-a-patient-safety-event>

- Agency for Healthcare Administration. Rele nan 888.419.3456 oswa 800.955.8771 Florida Relay Service (nimewo TDD), 2727 Mahan Dr. Tallahassee, FL 32308. Sit entènèt: <https://apps.ahca.myflorida.com/hcfc>
- U.S. Department of Health and Human Services, Office of Civil Rights (OCR). Yo ka depoze plent ak mwayen elektwonik anpasan pa pòtay OCR pou pote plent nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf> oswa pa kourye oswa nan telefòn nan U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue SW., Room 509F, HHH Building, Washington DC, 20201, 800.368.1019, 800.537.7697 (TDD). Fòm pou pote plent yo disponib nan <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>
- Depatman Sante Florida nan 850.245.4339. Sit entènèt: <https://www.flhealthcomplaint.gov>
- Òganizasyon Amelyorasyon Kalite Acentra Health pou Benefisyè Medicare (BFCC-QIO). Rele nan 888.317.0751, TTY: 711 san frè, Faks 844.878.7921. Adrès Postal: 5201 West Kennedy Blvd., Suite 900, Tampa, FL 33609.
- Pou pwoblèm finansye kontakte Divizyon Sèvis Konsomatè (Division of Consumer Services) a nan 877.MY.FL.CFO oswa 877.693.5236.



Cleveland Clinic

Chak vi merite swen klas mondyal.

Sistèm sante rejyonal Cleveland Clinic nan rejyon Florida a se yon founisè swen sante ki pa pou pwofi, ki gen plizyè espesyalite ki entegre swen klinik e swen lopital avèk rechèch e edikasyon. Rejyon Florida a gen ladan Cleveland Clinic Weston Hospital, Cleveland Clinic Indian River Hospital ak Cleveland Clinic Martin Health epi li gen senk lopital ak anpil sant pou pasyan ekstèn nan konte Broward, Palm Beach, Martin, St. Lucie ak Indian River. Rejyon Florida a fè pati integral Cleveland Clinic in Ohio, kote bay swen pasyan eksepsyonèl baze sou prensip koperasyon, konpasyon ak inovasyon. Doktè yo nan Cleveland Clinic se ekspè nan tretman pwoblèm sante konplike ki difisil pou fè dyagnostik yo. Pou plis enfòmasyon sou Cleveland Clinic Florida, vizite clevelandclinicflorida.org. Swiv nou sou Twitter ak Facebook.